# Asmarandana.

## Bismillahir rahmanir rahim

Kaoela sědja ngagoerit, soegan bisa ngarang tim.
bang, tapi dadaoelatan bae bisanah teu pisan², ngan
noeroet hate kaoela, mana wakeursa jang agoeng, ně.
rangkeun hate kaoela.

Sababna inggeus kapikir, koe ilmoe reudjeung koe ákal,
sakabeh djalma barodo, sěpi pisan kapinteuran, toer sareupi
kawasana, namoeng Allah anoe agoeng, noe pinteur anoe
kawasa.

Koela mawi sěrah diri, ka goesti Allah noe moelja,
sěrah badan sěrah hate, moegi goesti njoembadanan
kaoela ijeu rek ngarang, rek noetoerkeun maksoed kalboe,
ngarang noe matak manfaat.

Lojogna bět eta pikir, hate teu aja peugatna, pikir teh
ngan ngarang bae, ajeuna arek ditjoba, malah man.
dar katěroesan, aja idin anoe agoeng, dibisakeun ijeu
ngarang.

Ari fatsal noe digoerit pepeling ka anak², miwah
kawarga sakabeh, soemawonna baraisama, sadaja antěnar
pisan, sadaja masing aremoet, kana pepeling noe
ngarang.

Noe ngarang geus mikir diri, boewat njalametkeun
awak, sadaja masing ngahartos, reudjeung boewat
tjilakana, eta inggeus jakin pisan, teu bidjil ti diri
batoer, bidjilna ti awak orang.

Sakabeh djalma geus harti, geus njata dina hatena,
sanadjan djalma bodo, geus nenitjo kana hatena,
noe hade noe goreng njata, koeroemoenna eta kalboe,
eta tangtoe njatjas pisan.

Kabeh baraja sing eling, emoetkeun sing saběněrna,
koe lalaki koe awewe, sing běnër pisan nja lampah,

diloewarna

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

diloewarna didjĕrona, hate badan lisan aloes, moen kitoe salamĕt pisan.

Lamoen oerang hojang leungit, pitnah doenja hĕntea kuma oelah didjijeun koe dewĕk, sing ingĕt kana larangan, sagala larangan menak, oerang sing sijeun koe hoekoem, ttoe meurap ka awak oerang.

Goepĕrnĕment geus milahir, di ichbar oenggal nagara, saha saha djalma teh, njorang, sagala larangan, noe di tjeugah koe andjeunna, eta djalma enggeus tangtoe, meunang hoekoeman dirina.

Hoekoeman teh masing masing, ditimbang kana dosana, leutik atawana gede, koemaha bae dosana, sabab teu sami dosana, gasal beja ĕnggeus tangtoe, djalma teh meunang boewangan.

Kitoe deui djalma maling, eta teh djoemlah larangan, eta kangdjĕng Goepĕrnĕment, ngalarang kabina-kasakabeh djalma, Goepernement geus misti jen maling teh oelah pisan.

Saha saha djalma maling, katangkĕp eta djalmana, enggeus poegoeh malingna teh, saksi boekti enggeus aja, sarta jakin pang malingna, moen maling gede teh tangtoe, djalma meunang boewangan.

Maling leutik leutik gede, saroewa meunang hoekoeman, misil oerang maling kotok, geus tangtoe meunang hoekoeman, oerang tangtoe meunang ora, dalapan poe geus tangtoe, dipake kerdja paksa.

Eta geus ngalarang deui, kangdjĕng teh geus ti baheula, ngan djalma balalangor, kasakabeh pamaenan, beuleus keuplek doewanana, ngadoe hajam maen kartoe, eta geus dilarang pisan.

Goepĕrnĕment geus milahir, kasakabeh pangkat pangkat, kangdjĕng toean Asfistent, ichbarkeun ka djalma djalma, miwah ka oenggal nagara, saha noe milampah kitoe, geus tangtoe meunang hoekoeman.

Didĕngda

Didĕngda atawa palis, doewanana tangtoe pisan, sala sawidjina bae, toe mĕrap kadiri oerang, moen jakin geus tangtoe pisan, eta oerang masing emoet, kana sakabeh dĕngdaän, larangan noe lewih misti, ka anoe djaradi pangkat, kasakoer antĕnar kabeh, tina hal djĕpit kagoengan, sagala beja digasab, eta antĕnar geus tangtoe, oentjlak tina padamĕlan.

Eta geus ngalarang deui, mawa kopi eundjeung madat, eta kangdjĕng Goepernement, geus pĕsĕn ka menak², ka sakabehna antĕnar, doewa barang moen dipodjoe, geus tangtoe meunang dĕngdaän.

Eta geus dilarang deui, sajang boeroeng ti Tjiheo, ti goeha noe loba walet, djalma teh sing njaho pisan, oelah arek panganggoeran, oerang teh mawa ti Bandoeng, ditangkĕp meunang siksaän.

Mĕrdaja geus dilarang deui, djeung djalma ngahoeroe imah, eta kangdjĕng Goepernement, gĕmĕena kabina², sabab lampah leuwih djahat, lamoen djalma lampah kitoe, geus tangtoe meunang boewangan.

Djinah geus dilarang deui, ka sadaja djalma², ka lalaki ka awewe, eta mistina ditjegah, koe sadaja djalma² moen njorang eta geus tangtoe, dipalis dikĕrdja paksa.

Roendjeung anoe ngagiringsing, dilarang ka bina², eta kangdjĕng Goepĕrnĕment, gemesna kabina², sababna eta manahna, ngaroeksak noe leutik, tangtoe; noe leutik geus tangtoe pajah.

Giringsing teh nommĕr hidji, gorengna ka bina², monja sateh teu katara, bikin bodo ka djalma, ngarampogna leuwih aloes, koenoe bodo teu karasa.

Malingana teh teu katjiri, teu kaoetara koe djalma, rasa djalma hade bae, dikorowat teu karasa, tina lĕ, mĕsna atoeran, dipaling hĕnteu ka mĕloem, noe bodo taja pikirna. —

Sinom

## Sinom.

Kana sakabeh larangan, djalma teh sing sijeun misti, sing sijeun kana hoekoeman, siksaännana geus jakin, diboewi reudjeung dipalis, boewangan reudjeung digantoeng, moen njorang geus tangtoe pisan, oerang moal bisa moengkir, misti bae oerang teh meunang hoekoeman.

Sakabeh djalma sing awas, kana lampah hidji², oerang koedoe bisa noelak, kana lampah anoe djahil, kana goreng oerang njingkir, sing sijeun koemo ti lebeur, kangdjeng Goepernement nimbalan, ka djalma noe lampah djahil, eta djalma koedoe bae meunang siksa.

He sakabeh djalma², baraja masing ngaharti, kangdjeng Goepernement teja, njiksana lain ngadlalim, henteu pisan nganjënjëri, ka djalma noe meunang hoekoem, moen oerang henteu milampah, moal meunang hoekoem boewi, njata pisan oerang nganiaja awak.

Kana sakabeh perkara, lampah noe ngeunah noe njëri, noe hade noe goreng njata, dilampahkeun koe pribadi, djadina ngaboewi diri, njiksa awakna sakoedjoer, lamoen oerang teu milampah, kana larangan sing apik, moal ënnja oerang teh meunang siksaän.

Menak anoe koemaoela, anoe tarampi bisloeit, sing masgoel kana parentah, anoe dimisti kadiri, padamëlan oelah taksir, oelah përtjaja teuing kalboe, pedah² aja badal, sing jakin hadena misti, oelah pisan manah oelah përtjajaän.

Anging moen serang geus njata, damël teh geus katingali, tapak badal oerang teja, aloesna teh ënggeus boekti, damël teh ënggeus ditaksir, ënggeus tjotjog reudjeung kalboe, geus teu aja koe tjuwana, di sawah di djalan deui, kebon kopi noe di beuratkeun ka oerang.

Maksoed madjoe padamëlan, antënar sing ati², kana eta sagala hal, emoetkeun anoe dimisti, ka parentah sing goemoesti, oelah pisan serong kalboe, aja roemaos koemaha,

roemaos

roemaos dosa saeutik, njaeta anoe djadi kabeureujan.

Ari oerang kabeureujan, bēt lain koe toelang moending, koe tjaetjoek noe leutik pisan, anoe kana beuheung matil, koe oerang koedoe dipikir, tjonto tembong anoe maijpoer, ĕnggeus njata di djĕlĕma, eta noe di anggo misil, eta oerang poma oelah mokahaän.

Naon² noe dilarang, anoe dimisti kadiri, Goepernement noe ngalarang, eta masing ati², antĕnar teh koedoe risi, sing inggĕt koende ti loehoer, lamoen oerang njorang salah, noe agoeng njiksa teh pasti, hadena teh leupas atawana boewang.

Sadajana padamĕlan, oerang maksoed di piasih, koenoe agoeng katarima, damĕl teh di lois², djalan gĕde sing bĕrĕsih, sawah kĕbon kopi poegoeh, palawidjana sajaga, taja tjĕlaänana saeutik, kaloewarna pansioen geus pasti pisan.

Lamoen oerang samewara, ka parentah teu goemoesti, lampah lalawora pisan, koenoe agoeng hentea risi, teu sijeun disiksa diri, hate oerang teh angoekloeng, boedeung kana bahla badan, hate teh leuwih barani, eta djalma moen kitoe tangtoe tjilaka.

Pjindĕkna hĕnteu ngoela, badan madĕp ati moenkir djadi moenapĕk ngarana, njidroän kana pĕrdjangdji, eukeur nampina bisloeit, pĕrdjangdjian anoe agoeng, sadajana pangkat², nampi parentah noe misti, lamoen kitoe djalma tangtoe meunang siksa.

Goepĕrnĕment moal nimbang, ka antĕnar tjidra ati, inkar sagala timbalan, parentah kaloeli², eweuhna noe di eling², koe djalma noe kapahoeng, lampah dadasoĕlĕk pisan, teu mikir sijeun koe goesti, tangtoe pisan djalma² meunang siksa.

Oerang koedoe hade pisan, eta sagala apik, djalan gĕde sarta sawah, soemawona kebon kopi, palawidja kebon hoewi, bareres sakabeh kampoeng, teu aja boeboekna pisan, kabeh rĕsik djeung bĕrĕsih, toeroeg rapih djeung sakabeh hamba.

Reudjeung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Reudjeung sakabeh antinar, taja paketrokna ati, rapih pisan djeung kaoela, hënteu aja hasoed hate, lampah hënteu silih delik, kana kadjahatan batoer, eta pangkat tangtoe pisan, moeljana tangtoe pinanggih, tangtoe pisan meunang gandjaran noe moelja.

Tangtoe kenging sihing radja, anoe matak soeka hate, sarta ënang kana badan, sarta eta meunang poedji, tampi pansioen geus pasti, kenging hoermatan noe agoeng, dina hidji-2 boelan, eta dipaparin doeit, sapandjangna oenggal boelan hënteu pëgat;

Geus pirang-2 tjontona, pangkat anoe dipi asih, koenoe agoeng katarima, teu aja tjatjad saeutik, sakabeh damël binangkit, pangkat radjinna teh langkoeng, rowa pangkat tampi bintang, eta teh teu aja deui, tina lampah reudjeung tina padamëlan;

Reudjeung tjonto pirang-2 pangkat anoe teu di asih, eta taja kasënangan, tina salah lampah hate, padamëlan hënteu djadi, njijeun padamëlan boesoek, roemaos eta mokaha, sarta djeung pangkat teu rapih, tangtoe pisan kaloewarna meunang tjela.—

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

## Dangdanggoela

Masing emoet eta wargi-2, tina lampah sing balalënër pisan oelah ngadamël awon, sing sijeun koenoe ti loehoer, sing sijeun balahi diri, siksa boewi djeung palisan, boewang reudjeung gantoeng, sabab oerang moal koewat, enggeus parëk mah geus tangtoe nalangsa ati, taja pisan kangeunahan.

Oelah pisan rek djinah djeung maling, ngadoe hajam reudjeung madat, maen toetoep reudjeung këplek, sintër kelër maen kartoe, ngahoeroe mërdaja deui, napsoe teh oelah di oembar, bisina kadoehoeng, singkeun hoekoemanana, eta oerang maksoed disalamëtkeun diri, badan

teu

teu tampi siksaän.

Loba pisan tjonto noe geus boekti, anoe ngoember hawa napsoe teja, djalma noe lampah goreng, dirante di bĕlĕnggoe, di iring² ka nagri, bari disangtangan tam, bang, dibaroged pondoek, ënggeus datang ka nagara, eta djalma toeloej asoep kana boewi, djalma teu meunang ka. loewar.

Diboewi teh oerang sangeungah ati, mikir² loema, ha ka hoekoemannana, abot atawana enteng, boentjĕlik tepi ka isoek, boelak balik bae pikir, sabab tatjan kanjahowan, boewat enteng ripoeh, ti peuting reudjeung tibeurang, hate hënteu pisan eta tjitjing, hënteu tetep pikiran.

Toenggoe² ti beurang ti peuting, moneh di rol teu aja eureunna, tangtoe kitoe bae hate, eta hënteu poetoes², moen tatjan oerang lastari, moen tatjan keuna hoekoeman, wande bae kitoe, geus tĕrap hoekoemannana, eta oerang teu pĕgat bangka ati, mikir soengkan kerdjana.

Tjëndĕk namah eta wargi², masing eling dina saga la hal, bisina naradjang awon, kana hade sing ka. toengkoel, raga badan reudjeung ati, oelah sina salah lampah, hadean sing aloes, dipandang ka salamĕtan, oelah njorang pitnah doenja eta ripi, kawah oerang na. radjang.

Reudjeung deui eta somah anoe leutik, masing na. roet eta parentah, eta oelah arek talangge, sing nja. ah ka noe ti loehoer, oelah njieun matak poesing, ma. tak poesing menak², poma oelah kitoe, oerang teh koedoe wajahna, oelah pisan gadoeh hate eta moenkir, kana saga la parentah.

Tjoba pikir hoe oerang teh sing lantip, eta pangkat ma. rentah ka oerang, ka sawah ka djalan gede, moen hoe pikir anoe aloes, matak manfaät ka diri, matak manfaät

ka oerang

ka oerang, djalan gede aloes, oerang leumpang ngeunah pisan, oerang njaba eta senggal nagri, teu aja kabalangsakan.

Hënteu mëndak oerang sangsara diri, tina djalan anoe nandjak, noe moedoen ka oerang kabeh, teu aja anoe taringgoel, batoe noe gëde ngadjegir, didalon didongkaran, diteundeun di kaeboer, keusikna teh dipilihan, anoe gëde di pitjeun ka sisi, anoe dipamrih djalan teh rata.

Tjoba pikir moen batoe ngadjalalëgjo, djalan teh henteu di omejan, eta kangdjëng Goepërnëment, ka pangkat henteu miosoes, teu marentah anoe misti, koe pangkat henteu di omejan, teu marentah poendoek, loerah teh henteu marentah, ka somahna ngantep bae eta tjitjing, tangtoe djalan pëtëdara.

Eta tangtoe djalan teh moedikdik, loba pisan djoekoet djeung roentah, djeung loba batoe tarengtong, oerang leumpang tangtoe ripoeh, soemawonna leumpang ti peuting, sabab djalan gëde bala, djeung batoe taringgoel, ti tadjong geus tangtoe pisan, soekoe oerang njorang djoekoet melitkana bitis, oerang laboeh tangtoe pisan.

Mana oerang eta sing araloes pikir, oelah pisan djalma aja hasoedan, eta kangdjëng Goepernement, oerang teh sing moedji soekoer, oelah pisan goreng pikir, sabab karasa hikmatna, kangdjëng Goepërnoer, hikmatna teh loba pisan, nommer hidji eta matak kerta nagri; doewa matak ngeunah djalan;

Katiloe leungit karoesoehan nagri, anoe maling noe moehon langka pisan, reudjeung eta rampog, hikmat aja radja adoeng, anoe karaoeitoe sëpi, sabab aja kaserebna, eta kangdjëng Goepërnënment, djalma aja ka sijeunna, sabab ningal parabot di senggal nagri, aja boewi tempat njiksa.

Djalma ~ koedoe timboel nja pamikir, lamoen

kangdjëng

kangdjĕng teu ngadamĕl tĕmpat njiksa, roesoehna geus tangtoe bae, sabab loba anoe paloeng, loba anoe djahat ati, rasana sakama², teu aja hoekoem, ĕnggeus euweuh kasieunna, djalma² djadi loedĕng eta ati, pikiran euweuh siksaän;

Reudjeung deui eta hikmat anoe lahir, njata pisan, dina hal atoeran parentah, dipikir keur oerang kabeh, marentah gĕtol noe poegoeh, matak ka oerangna soegih, marentah boedak sakola, eta pon njakitoe, matak oerang loba banda, da lain eukeur andjeunna, eukeur oerang, misil oerang mĕlak kopi, noe heula ngadahar oerang.

Oerang njaba eta ka oenggal nagari, rĕsĕp pisan di oenggal nagara bĕtah, nagri aloes sarta rame, di Bandoeng reudjeung di Garoet, Tjiandjoer, Bogor, Batawi, Manondjaja djeung Soemĕdang, nagara aloes, dagangan sakabeh aja, karĕsĕpan kaoelinan boedak leutik, sadaja ĕnggeus sadija.

Hikmatna teh, eta geus teu etang deui, tina sabab karoewaännana, hikmat aja noe agoeng teh, mana oerang koedoe noeroet, ka parentah oelah moenkir, naon bae parentahna, koedoe bae toe roet, sabab eukeur diri oerang, lain pisan, eta keur sjethan kawr djoerig, eta eukeur oerang pisan.

Ingĕt² somahan anoe lalseutik, oelah pisan, rek soengkan badan, diparentah koe menak teh, moen oerang ahli tapakoer, anoe ahli ngintip ati, digawe sĕdja ibadah, kasokabeh machloek, sababna eta teh djalan, ditintjak kana eta oenggal djalmi, goesti Allah teh ngaganđjar.

## Poetjoeng.

Koe oerang teh eta pikir leuwih djaoeh, dina atoe

ran

ran nagara, lamoen sepi Goepernement, tangtoe pi-
san nagara teh goreng pisan.

Lamoen henteu ngadamĕl pangkat noe loehoer, kangdjĕng Dalĕm sĕpi pisan, atawa sĕpi Assistent, tangtoe pisan roesoehna radja eta teu ngadamĕl Contoleur, henteu ngadamĕl Wadana, Tjamat, se-
pi kabeh, district djalan sakabeh eta kaladna.

Hĕnteu pisan ngadamĕl Loerah djeung poendoeh, djalma modal beres pisan, sawah reudjeung djalan gĕde, tangtoe pisan sawah djalan boesoek pisan.

Eta oerang koedoe soekoer ka noe agoeng, di aja-
keun pangkat, damĕl kangdjĕng Goepernĕment, sabab-
na teh ka oerang djadi ngaraksa.

Tjoba pikir koe oerang noe leuwih lĕmboet, saistoena kangdjĕng radja, moen di etang matak olok, ga-
djih2 ka pangkat tangtoe ceboewan.

Pangkat2 koe radja digadjih tangtoe, dina hidji2 boelan, pirang2 ewona teh, teu di manah soepaja aloes nagara.

Djalan2 sasakna bapoeloeh2, eta pirang2 oewang, moen di etang keti ewon, teu di etang soepaja rĕsik nagara.

Hikmatna teh eta nagara, araloes sarta rame pisan, oerang koedoe soeka atoh, sihoreng teh hikmatna teh bĕt ka oerang.

Eta radja njaäheun ka anoe lĕmboet, oerang sagala diraksa, banda kapiara kabeh, lamoen sĕpi nagara teu aja radja.

Banda oerang inggeus tangtoe meureun lapor, sabab euweuh ka bĕjeunna, senggal penting datang rampog eta tangtoe banda oerang beseh pisan.

Reudjeung djalma bala lapor eta tangtoe, rasana euweuh hoekoeman, saka tĕnang2 bae ana geuleuh geus tangtoe eta maehna.

Pati.

Pati djalma teu aja harga sabaroe, sabab taja noe ditingal, taja kangdjeng Goepĕrnĕment, tangtoe pisan djalma taja ka sijeunan.
Bedjana teh keur waktoena mana karoehoen, keur masih tatjan kerta, kabeh nagara teu beres, djalan ᵖ sakabeh taja noe tjaäng.
Noe maehan noe ngabegal poeloeh ᵖ, djalma taja noe moeslihat, eta pada risi kabeh, sababna teh paling rampog loba pisan.
Waktoe eta djalma paloehoer ᵖ, djeung pagagah ᵖ, kabeh djalma ĕmbĕeng elah, sababna teh taja ka sijeunna.
Sijeuna mah inggeus aja anoe ageng, djalma aja ka sijeunna, koe kangdjĕng Goepĕrnĕment, rada oge teu pati aja noe djahat.
Malah mandar kapojeunna tambah aloes, reudjeung tambah kertana, djalma ᵖ tambah hade malah mandar sijeuneun koe kangdjĕng radja.
Malah mandar sadaja pada ноeroet, wire aja kangdjĕng radja, hamba sarijeuneun kabeh, pedah boekti njata boewi tempat njiksa.
Lamoen djalma henteu sijeun koenoe ageng, njata teh kangdjĕng radja, teu sijeun koe hoekoem kantoor, eta djalma bodona kaliwat pisan;
Teu njaäheun eta ka awakna langkoeng, teu karoenja kana badan, napsoena di oembar bae, djenah maling ngarampog reudjeung ngabegal.
Goreng pisan djalma noe ngoembar napsoe, djeung djalma noe hasoedan, misilna oerang Tjilĕgon, eta djalma bodona ka bina ᵖ.
Eta misil Hadji Wahid njijeun roesoeh, sadaja batoer ᵖ na, eta kabeh djalma goreng, eta djalma kabeh nganiaja awak.
Hatena kasar badag liwat langkoeng, reu djeung

sabatoer ᵖ na

sabatoer² na eta pada goreng hate, sababna teh hasoedna ka sawareja.

Hadji Wahid Itaja pikiran noe aloes, pikiranna na teh pondok pisan, henteu mikir ka noe sedjeu, eta djalma mikirna kaliwat ka sasar.

Lamoen innja aja pikir anoe aloes, moal nji-jeun karoesoehan, njijeun lampah anoe awon, eta djalma teu njaäheun kana Cadam.

Ari njata anoe ngoembar mawa napsoe, sa-gala larangan dirempak, ngadoe hajam reudjeung keplak maen kartoe ngamadat reudjeung mada-daja.

Eta djalma lamoen eta lampah kitoe, di tang-kep meunang hoekoeman, loewang gantoeng meu-nang kabeh, djeung di palis sarta djeung di kerdja paksa.

Oelah noeroet kana napsoe anoe kitoe, oerang teh geus moal kawat, tangtoena nalangsa hate, sababna teh loba pisan ka teu ngeunah.

## Pangkoer. -

Somah oelah ngara soela, diparentah ka djalan dikeprik², koe Loerah reudjeung koe poendoeh, oerang teh koedoe lajahna, masing sijeun oerang teh kaëisoe ti loehoer, sing njaäh eta ka Loerah, Loerah oelah singan poesing.

Somahan koedoe ngaoedala, eta oerang koedoe narimakeun koering, ka Loerah oelah cek makroeh, sabab bapa diragama, eta Loerah djadi indoeng bapa kampoeng, di Lembaer taja djoeragan ngan Loerah eta sahidji.

Sababna Loerah kawasa, didjenengkeun sarta sarta boga bisloeit, enggeus meunang pangkat

loehoer

loehoer, dibawah parentah Tjamat, eta Loerah geus meunang kawasa langkoeng, kawasa njèkël sadesa, ngaroes antero djalma, sing rasa noe pangkat, pikirna teh eta kaliwat pabělit, bingoengna ka langkoeng, hatena ngakap sadesa, djalma² sadaja koedoe ka oeroes, djadi pikir sadajana, hate sapandjangna risi.

Oelah disarangka sĕnang, koe somahan sadaja anoe laleutik, Loerah teh loba kabingoeng, reudjeung loba kasijeunna, reudjeung soesah tambah djeung loba kapoeer, sabab ngoeroes oerang beja, bisina naradjang djĕpit.

Sijeun disĕsĕl koe Tjamat, sagala hal paser sijeun teu katampi, sijeun pagawejan joesoek, eta Loerah sijeun pisan eta ditjărekan bĕdoel, koe bangoes reudjeung koe sija, eta noe dipake risi.

Reudjeung kapaoerna pisan eta Loerah nai sijeun loba paling, sababna poesing ka langkoeng, moen loba paling teu beunang, eta pangkat disangka taledor tangtoe, padjar koerang koemisijan, sarta djadi tjela diri.

Noe matak koedoe kaoenja, kanoe pangkat eta somahan laleutik, oelah njarijeun ka bingoeng, ka Loerah njijeun ka soesah, eta poma² somahan, oerang kampoeng, misilna ditagih beja, oelah njijeun matak poesing.

Lamoen boga geuwat² bajar, hĕnteu boga eta oerang oelah tjitjing, poenta penta sing pahiboet, neja ngan keur baris majar, sing sarĕgĕp dipandang teh oelah loeloes, sabab lain doeit Loerah, radja anoe gadoeh doeit.

Sing njaho rahsija pangkat, njakitoe hatena teh hĕnteu tjitjing, noe leutik koedoe ngamăloem, ka noe djaradi pangkat oelah pisan, somahan teh njijeun roesoeh, njijeun kasoesahan menak, sadaja masing areling.

## Kinanti.

Pangkat ari hajang loeloes, sing aloes djeung anoe leutik.

leutik, oelah njijeun matak ngewa, matak idjir anoe leutik, misil sijeun barangasan, njijun djerih anoe bĕ-ngin.

Dameel teu madjoe koe kitoe, koe amĕk teu matak djadi, bĕsĕl oelah kaliwatan, ennja awak oerang poesing, ningal kana gawe somah, koerang tjotjog reudjeung ati;

Moen mĕnak ngadamĕl kitoe, somah tangtoe njeri ati, tangtoe makwoheun hatena rek ngalawan benteu wani, kabeh djalma nikĕl manah, ka pang-kat anoe barĕngis.

Napsoe somahan teh ngoewoeng, meureun soesoem-barna ati, tina ati eukeur ngewa, modal ngomong hade pasthi, deca katjida gorengna, waktoe eukeur njeri pikir.

Mĕnak koedoe aloes sĕmoeh, ka tjatjah anoe laleu-tik, sing weroeh parangi tjatjah, pangkatna teh hidjipe, adat monjorong kaloewar, somah kabeh katinga-li.

Moen mĕndak parangi loehoer, semoena hajang ka-poedji, eta oerang teh mărentah ka djalma noe kitoe geuning, sing rada handap njaeta oelah dilawanan bengis;

Oerang koedoe lĕmah lĕmboet, leuleus djĕdjĕr lijat tali, dipamrih somahan soeka, oelah nĕpi sakit ati, aja bĕ-nĕr ngadoeana, ngadjangdjeung ka oerang pasti.

Nĕnĕda ka anoe agoeng, ka Allah noe maha soe-tji moegja djoeragan oerang, moegi ka jang widi, moegi kenging kanoegrahan, moelja dilahir di bathin.

Pangkat teh koedoe ngamaloem, djalma loba noe miskin, lobanateh noe sangsara, noe boetoeh koe doeit sapĕeit, eta oerang koedoe nimbang ka anoe kitoe pasti.

Miskin loba pangaboetoeh, oelah dipĕrkĕpĕk teu-ing, oerang sing aja karoenja, kasomahan anoe miskin, oerang maring sabar pison, ka somah anoe mariskin.

Oelah.

Oelah abongkena oedoeh, marentah liwat ti misti,
geus taja pisan hinggana, da eta anoe babari, eta
pangkat henteu nimbang, di ngaranan henteu adil;

Sim koering teh oendjoek hatoer, kanoe bareunang
bisloeit eta agoeng₂ pisan, lain sim koering birahi,
ngarang teh loeloemajanan, eta soegan boe hasil.

Manfaät ka doeloer₂, reudjeung sakabeh wargi, ngemoet-
keun ijeu tjarita, noe matak hasil kadiri, noe senang
ka badan anoe matak moelja diri.

Noe ngemoetkeun kapitoetoer, noe kalampah koe priba-
di, noe njegah larangannana, noe matak tjilaka diri,
didijeu geus ditjarita, eta sadaja bèrèsih.

## Dangdanggoela

Koe koering teh geus lami kapikir deui, hikmat aja
kangdjeng radja teja, eta pirang₂ aliwon, di etang
henteu kaitoeng, tina rowa leuwih misti, tjik pikir
eta noe ngarang, eta pirang₂ nochoen, sabalikna eta
oerang, ajeuna koedoe saenggoeh₂ ati, sartana koedoe
ngawoela.

Anoe ngarang geus ngaraoskeun diri, eukeur mang-
sa leumpang ka hidji nagara, hate teh kalintang raos,
keur mangsa leumpang ka Bandoeng, noenggang kare-
ta api katjida pisan raosna, gantjangna ka langkoeng
sarta bari napakoeran, diloebroer teh mikiran kareta api
dina hal atoeranana.

Simkoering teh di djalan eta teu tjitjing, loewak
lijeuk kahareup katoekang, kaloehoer kahandapna teh,
beulah kaler beulah kidoel, teu aja pisan noe kèdji,
hate howakeun pisan tina ningal sèmoe, dina sa-
daja atoeran, taja pisan eta kal tjiwana deui, eta
rapih sadajana.

Nommer hidji dangdanan kareta api, loetjoe pisan

sarta

sarta sajaga, malah djeung daraksinateh, sadaja lĕmĕs aloes, hirang sarta lamoeu, ningal ka handap sajaga, matak rengreng kalboe, teroes pisan djeung djalana, tina tanah Tjalok batoe reudjeung beusi, teu aja ka. sĕlĕmpangan.

Djeung di djĕrona eta dareksi, aloes pisan tempat"na, aja bangkoe keur tjanggogo, di tĕngah ngadjadjar tiloe, tĕmpat hidji" djalma, sarta pirang" djapela, pamrih sĕnang njidoeh pamrih badan ka anginan, dipalar teh badan oerang eta tiis, tambah" kasenangan.

Soerti pisan djeung leuwih binangkit, dina posna soeroep pisan, dina hidji nagara teh, bisa njoeroep" keun pasĕmoe, dina hidji" nagri, dipikir koe anoe ngarang, noe ngadamĕl kerta poendjoel, hate teh birahi pisan, ditingalan pos Bogor djeung Batawi, meudjeuhna soeroepannana.

Reudjeung posna eta Soekaboemi soeroep pisan reu. djeung tempatna, halte" kitoe keneh, ka opat pos Tjiandjoer, sedjenna kaliwat saking, ditingalan leu. wih pisan eta lĕmĕs aloes, doeka tjĕk pikir noe ngarang, soeroep pisan eta kana dangijangna nagri, teu aja tjawadeunnana. - Bandoeng, Garoet eta hĕnteu saroepi sĕmoe pisan kanagara, haltena njakitoe keneh, eta sadajana loetjoe bĕrĕsih leutjir djeung rĕsik, ka toeroeg" djeung moerah, ongkosna kalangkoeng, emoet ka pĕngkĕr"na, meneh dongkap eta kareta api, ka Bandoeng eta poeloehan.

Tina kitoe eta oerang koedoe mikir, djalma" sing harti pisan, oelah oerang salah hate, oerang eta koedoe noe hoen, koe hate koedoe dipikir, eta hikmat dja kangdjĕng radja, kangdjĕng Goepernoer, kabeh matak sĕnang oerang, eta oerang sing soekoer eta ka goesti, di ajaan kangdjĕng radja.

Tjoba pikir koe oerang sing lantip, eta radja, ngaloewar" keun

keun ongkos pirang², oerangna teh kĕti ewon, moen koe pikir anoe aloes, radja njaäh ka noe leutik, misilna di soekarama, Tjiroehan disitoe, ngahandjatkeun tjai teja, goengoeng², ditoetoes reudjeung dikali pamrih hasil ka hambana.

Didamĕlna rasa satahoen leuwih, tjan parantos sabab tina bogana, tapi dikeureujeuh boe, ongkos hĕnteu ka itoeng, disaoer baekoe doeit, teu di etang ka olokan pamrih sĕnang noe lĕmboet, ari soeka rama teja, cukeur boewat eta ĕjaijan eta sadistrict, njaeta district Tjihea.

Tangtoe pisan somahan anoe laleutik, moen geus handjat eta tjai teja, eta meureun soeka kabeh, noe loba sawahna sentoeng, koe pare reudjeung koe doeit, sakabeh noe gadoeh banda, eta tangtoe kitoe, sakabeh tjatjah ² na, eta kabeh poda saroeka atĕ, ningal tjai ngoejoeh ngajah.

Sakabehna eta sawah district, ka Tjaijan koe soekarama teja, kabeh sawah teh lalĕdok, modal aja sawah toehoer, moen kijeu handjat eta tjai, palis leutik ditoeŋaran, sakoer noe maridjoel, djalma geus dlak hatena, sabab ningal loba tjai, sakabeh anoe njarawah.

## Kinanti

Somah koedoe moedji soekoer, noehoenkeun eta ka goesti, sing eling kana hikmatna, eta pirang² kĕti, sabab aja kangdjĕng radja, teu aja hinggana deui.

Oerang oelah rek mantangoel, kana parentah noe misti, oerang teh oelah ngalawan, sing sijeun eta koe goesti, poma oelah rek basangkal, kana parentahna goesti.

Kangdjĕng teh njaäheun langkoeng, ka hambana anoe leutik, oerang koedoe aloes maʼnah, oelah rek hasoed rek dengki, ka kangdjĕng radja sirnaha, kana hikmat masing eling.

Radja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

Radja seijr langsa rebo, koe radja teu di tingali, num-
tak soekaram a teja, di pandang noe leutik hasil, radja teh
njaäheun pisan, ka hambana anoe leutik.

Noe ngarang bangong ka langkoeng, inggal djalma
anoe koeli, eta pisang₂ lobana, eta kabeh djalma koeli,
emoet ka bajarannana, hidji taheun këti₂.

Moen teu aja anoe ajang, tangtoe somahan laleutik, sada
jana soesah pisan, moal aja soeka ati, sababna eta Tjikeaj,
moal handjat eta eta tjai.

Oerang koedoe moedji sjoekoer, di moegi enggal lastari,
soekarama parantosan, nëda ka jangwidi, eta moegi
enggal₂ soepajana tera₂ hasil.

Pamrih oerang enggal oentoeng, sawah oerang tari-
jah hasil, eta kabeh djalma₂ kabeh koedoe pada ngiri-
sing, nënëda ka goesti Allah, moegija enggal lastari.

Noe ngarang aja pamoeheun, ka kangdjëng anoe
adil, nëda agoeng hampoerna, koe djiga noe koe
mawani, djiga noe pipinteuranan hamba djika
anoe wani.

Sing eling somahan leumboet, oelah rek hasoed ka
goesti, soemawon oerang ngalawan nja eta ka kang-
djeng goesti, eta poma₂ pisan, ngalawan ge
moal mahi.

Ka radja noe leuwih agoeng, oerang teh sijeun
teh misti, badan radja rowa pisan, di Bogor djeung
di Batawi, soldadoe oenggal oenggal nagara,
oelah arek wani₂.

Oelah noeroet ka noe paloeng, ka djalma anoe
barani, anoe ngalawan ka radja, hatena leuwih bara-
ni, misil agoe sangoem teja, tapina hënteu mahi.

Koe oerang oelah di toeroet, hate goreng liwat sa-
king, njijeun lampah anoe djahat, ngalawan ka
kompeni, seug njijeun karoesoehan, ngagetkeun
ka kangdjëng Goesti.

Noe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Noe ngarang lain adigoeng, atawa hajang di poedji atawana hajang kontrak, eta pen kitoe simkoering, koe koering anoe di maksoed, harĕp harti anoe leutik, hikmat aja anoe agoeng, djeung soegan eta mangar-ti, lamoen taja kangdjĕng radja, noe leutik soe-gamma mikir.

Sareng antĕnoe njakitoe, soegan tambah2 widi, koe radja tambah sipenna, sarta tambah ati2, antĕ-nae tambah bagoerna, soemawonna anoe leutik.

Harĕp anoe leuwih pardloe, mĕnawa eta ka-tampi karangan toeloemojanan, tapi djiga matak hasil ijeu teh maksoed di tjitak, pamrih maoe ka nagri.

Koering anoe hina langkoeng, sartana kaliwat miskin, wastana Mohamad Hoesnan, tawis koering ti leuleutik, moekim di kampoeng Saban-dar, Lĕmboer toetoeroenan aki.

Tamat ini karangan pengadjaran mĕmbri ta-hoe, tamat pada hari Chamis pada tanggal 30 Moeharam sanat 1310.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA